

## Seyans Enfòmasyon "Pran Devan Plon an" Jen 2022

Chè Pwopriyetè,

Pou nou vanse ak angajman nou genyen an pou nou bay pwopriyetè yo enfòmasyon sou obligasyon yo genyen selon lalwa, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department Of Housing Preservation and Development, HPD) an pral pibliye yon seri bilten anliy nan imèl chak trimès. Chak bilten pral mete aksan sou yon aspè sou lwa yo, men objektif li se pa pou kouvri tout lwa ak règ ki aplikab yo. Bilten sa a ap disponib nan lòt lang sou [Paj Web HPD](#) a nan de (2) semèn k ap vini yo, anba tit *Seyans enfòmasyon yo.*

*Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa yon deskripsyon final sou tout responsabilite pwopriyetè kay ak lokatè anrapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York.*

---

### RAPÈL:

**Ou dwe enfòme HPD sou wotasyon yon inite ki te dispanse selon nivo tès 1,0 mg/sm<sup>2</sup>.**

Tout dispans nan Lwa Lokal 1 nan 2004 yo bay yon apatman k ap itilize nivo tès 1,0 mg/cm<sup>2</sup> a konsidere kòm yon bagay ki anile epi ki pa anplas ankò apati premye wotasyon apatman sa a apre 1e desam 2021, epi yo mande pou pwopriyetè yo deklare wotasyon sa a nan HPD. Pwopriyetè yo dwe deklare wotasyon an pandan y ap sèvi ak [Deklarasyon sou Sèman](#) obligatwa a, ki disponib tou nan lòt lang sou [paj wèb](#) HPD a.

Gen plis enfòmasyon ki disponib nan seksyon [Kesyon Moun Poze Souvan](#)

---

### FÈ TRAVAY KI SAN DANJE ANRAPÒ AK PLON: KESYON MOUN POZE SOUVAN

Pwazon ki nan penti ki abaz plon an ka lakoz timoun ki gen mwens pase sizan difisil pou devlope. Pou evite gen timoun ki ekspoze ak penti ki gen baz plon yo, lalwa lokal 1 nan 2004 la (lwa Lokal 1) mande pwopriyetè kay ki konstwi anvan 1960 yo, oswa kay ki konstwi ant 1960 ak 1978 yo kote pwopriyetè a konnen kay la gen penti ki abaz plon, pou yo idantifye epi eliminate risk pou gen penti ki gen baz plon nan apatman kote gen yon timoun ki gen mwens pase sizan abite. Selon lwa Lokal 1 an, "abite" vle di yon timoun ki gen mwens pase 6 (sis) zan k ap viv nan yon lojman oswa yon timoun ki abitye pase 10 èdtan regilyèman oswa plis tan chak semèn nan yon lojman. Vil New York entèdi yo vann penti ki abaz plon byen lontan anvan Etazini, epi se pou rezon sa a, règ li yo baze sou batiman kote moun abite ki konstwi anvan 1ye janvye 1960. Sepandan, yo aplike tou lwa federal yo anrapò ak penti ki abaz plon nan Vil New York, epi pwopriyetè yo ta dwe konnen egzijans sa yo nan domèn fè travay ki san danje konsène sèlman lojman ki konstwi anvan 1ye janvye 1978. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou egzijans federal yo nan domèn penti ki abaz plon sou sit entènèt Ajans Ameriken pou Pwoteksyon Anviwònman (U.S. Environmental Protection Agency, EPA): [www.epa.gov/lead](http://www.epa.gov/lead).

## **1. Kisa Fè Travay Ki San Danje Anrapò ak Plon ye?**

Fè travay ki san danje anrapò ak plon se egzijans pratik ki bay lokatè yo garanti y ap rete pwoteje kont pousyè penti ki abaz plon pandan gen travay k ap fèt nan espas ki pentire yo. Selon Lwa Lokal 1 an, men kèk nan egzijans sa yo:

- Redwi posibilité pou pousyè a gaye, sa ki vle di, pa grata penti a pandan mi an sèch (sa ap leve pousyè), mete pwela an plastik atè a pou anpeche pousyè a chita nan fant tè a, epi sèvi ak pwela an plastik pou bare espas kote y ap travay la, yon fason pou diminye kantite pousyè k ap gaye nan espas kote y ap travay la rive nan espas kote yo p ap travay yo.
- Fè netwayaj chak jou, sitou pase mòp ak aspiratè HEPA.
- Anvan pou yon lokatè vin abite ankò nan espas sa a, asire w ke espas la pa gen pousyè ki abaz plon ladan.
- Si sa nesesè, sèvi ak pwofesyonèl ki kalifye.

## **2. Kiyès ki etabli egzijans nan domèn fè travay ki san danje anrapò ak plon yo?**

Pou kounye a, nan Vil New York, se ajans federal yo ak ajans lokal yo k ap dirije travay ki san danje anrapò ak plon yo. Ajans Ameriken pou Pwoteksyon ak Anviwònman (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) ansanm ak Administrasyon pou Lasante ak Sekirite nan Travay (Occupational Health and Safety Administration, OSHA) etabli prensip federal jeneral anrapò ak sekirite lokatè yo, travayè yo ansanm ak kalifikasyon yo. Depatman Ameriken pou Lojman ak Developman Vil yo (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) etabli tou prensip pou lojman ki jwenn sipò federal yo, tankou lojman sosyal yo ak pwogram Seksyon 8/Koupon pou Chwazi Lojman (Section 8/Housing Choice Voucher). Nan nivo lokal, Depatman pou Lasante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) etabli prensip anrapò ak fè travay ki san danje anrapò ak plon.

## **3. Kijan m ap fè konnen si m dwe fè travay ki san danje anrapò plon?**

Egzijans federal ak egzijans lokal yo gen yon ti diferans. Kidonk, aplike egzijans ki pi estrik la se pi bon apwòch la pou gen asirans ou respekte toulede gwoup règ yo. Sa ki vle di, si kay ou a te konstwi anvan 1978, ou dwe fè travay ki san danje yo anrapò ak plon, si ou ap fè reparasyon oswa renovasyon jiska plis pase 2 pye kare penti nan yon sèl pyès, 10% nan yon ti pyès, oswa si ou ap fè travay ki mande pou retire fenèt yo. Egzijans sa a dwe respekte kit gen timoun kit pa gen timoun nan inite a oswa kay ki konsène a, paske selon lwa federal yo, tout kay moun abite ki konstwi anvan 1ye janvye 1978 yo, kay sa yo sipoze gen yon kantite penti ki gen baz plon, swa anndan swa deyò, oswa toude. Selon lwa EPA yo, ou kapab tou fè travay ki san danje anrapò ak plon yo nan travay k ap fèt deyò, si travay la ap pran plis pase 20 pye kare penti.

HPD te etabli echantillon dokiman sou fè travay ki san danje anrapò ak plon pou pwopriyetè yo ka itilize, yon fason pou kontribye nan respekte Lwa Lokal 1 yo.

## **4. Ki amann pwopriyetè yo riske peye si yo pa fè travay ki san danje anrapò ak plon yo?**

Lokatè yo ka rele 311 epi depoze plent lè gen travay k ap fèt nan apatman ki gen moun, nan apatman ki vid oswa nan espas ki pataje nan yon biling san yo pa t etabli yon plan ki apwopriye pou pwoteje lokatè yo epi pou kontraktè yo/travayè yo te suiv plan sa a (gade sit entènèt Depatman pou Lojman an [Department of Buildings] pou jwenn plis enfòmasyon sou lè sa nesesè pou gen yon plan pwoteksyon pou lokatè ak sou fason pou ranpli li). Chak lè y ap travay sou espas ki pentire, yo dwe mete nan plan pou pwoteksyon lokatè yo kèk esplikasyon sou fason y ap jere, kontwole epi netwaye pousyè pou pwoteje lokatè yo. Ajans ki nan Vil yo pral bay anpil atansyon ak plent sa yo epi yo ka mande pou peye amann si yo vyole yo. Depatman Lojman an (Department of Buildings, DOB) gen dwa tou fè enspeksyon nan kad prevansyon anrapò ak travay k ap fèt yo. **Si li klè yon pwopriyetè pa t respekte metòd travay ki san danje anrapò ak plon yo, DOHMH ak DOB kapab mande pou peye plizyè**

**amann nan nivo vil la. Amann DOHMH yo ka nan entèval \$200 pou rive \$2,000 epi amann DOB yo ka ant \$1,250 ak \$25,000**

## *5. E si m konnen, nan bilding mwen ye a, yo pa fè travay ki san danje anrapò ak plon yo?*

Pwopriyetè yo kapab anplwaye yon enspektè penti ki abaz plon EPA sètifye oswa yon evalyatè risk, pou teste espas ki pentire yo pou detèmine si pa gen penti ki abaz plon oswa pou idantifye avèk presizyon kote ki gen penti abaz plon yo pou ede yo konfòme yo. Se sèl fason ou ka gen asirans batiman kote ou ye a pa gen penti abaz plon.

N ap fè ou sonje apati 1ye desanm 2021, nivo k ap detèmine si gen penti abaz plon ki prezan selon Lwa Lokal 1 an te vin bese ak  $0.5 \text{ mg/sm}^2$  olye  $1.0 \text{ mg/sm}^2$ . Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan chanjman nan nivo penti ki gen baz plon yo nan [FAQ HPD](#) ak nan [dokiman enfòmasyon](#) oktòb 2021 yo.

Si ou te fè teste penti ki nan batiman kote ou ye a, gen asirans ou gen tout dosye sou tès la ak/oswa sou rediksyon 1. Petèt, ou dwe prezante dosye sa yo bay HPD, DOHMH oswa DOB, si sa nesesè. Si ou te fè tès la epi ou pa jwenn plon, oswa si ou te elimine plon ou te jwenn yo, epi batiman ou nan te konstwi anvan 1ye janvye 1960, ou kapab mande HPD yon dispans pou prezèvasyon penti ki abaz plon, yon fason pou yo pa aplike sou batiman ou nan plizyè egzijans nan lwa sou plon nan New York yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzanpsyón yo, ale sou [sitwèb](#) HPD.

## *6. Èske m ka fè travay ki san danje anrapò ak plon yo poukont mwen?*

Sèlman si ou sètifye pou ou fè sa tou.

- Si travay ou fè yo pa gen rapò ak vyolasyon lwa sou penti ki abaz plon oswa ak kèk Enstriksyon Vil la bay, oumenm oswa kontraktè ou la dwe gen yon sètifikasyon EPA kòm konpayi ki fè Renovasyon (yo konnen 1 tou sou non sètifikasyon pou Renovasyon, Reparasyon ak Penti oswa "RRP") epi sèvi ak Renovatè sètifye EPA yo.
- Si travay yo vyole kèk prensip oswa si ou gen entansyon pou retire penti ki abaz plon an nèt, oumenm oswa kontraktè ou la dwe gen yon sètifikasyon EPA kòm konpayi k ap elimine penti ki abaz plon (yo konnen 1 tou sou non sètifikasyon pou Aktivite anrapò ak penti ki gen baz plon) epi sèvi ak travayè ansanm ak sipèviziè EPA sètifye pou fè travay sa yo ki gen rapò ak elimine plon.
- Mete sou sa, Lwa Lokal 1 an mande pou se yon kontraktè EPA sètifye nan domèn elimine penti ki pou travay nan lojman kote gen yon timoun ki gen mwens pase 6 (sis) zan fè regilyèman 10 èdtan oswa plis chak semèn, si travay la ap bezwen pran plis pase 100 pye kare nan yon pyès oswa si travay la mande pou elimine 2 fenèt ki pentire oswa plis. Sepandan, EPA kapab mande pou kontraktè sa a sètifye nan domèn Renovasyon. Kidonk, pou ou rive respekte ni Lwa EPA a ni Lwa Lokal 1 an, kontraktè a dwe sètifye ni nan Renovasyon ni nan domèn elimine penti.
- Nan chak ka, kit travay yo mande yon konpayi Renovasyon EPA sètifye oswa yon konpayi pou elimine penti ki gen baz plon, Lwa Lokal 1 an mande tou pou yon enspektè penti ki abaz plon EPA sètifye oswa yon evalyatè risk ki endepandan ni pwopriyetè a ni kontraktè a chwazi pou pran yon echantiyon pousyè pou fè travay yo, pou yo rive konfime zòn sa a pa gen pousyè ki abaz plon ki ka kontamine moun.

## *7. Ki jan m ka gen asirans yon kontraktè gen sètifikasyon?*

EPA defini egzijans nan domèn fòmasyon ak sètifikasyon travayè yo epi dekri etap ki nesesè si penti ki abaz plon an dwe elimine oswa si penti a dwe modifye, renove oswa pentire pandan reparasyon an. Sa pa gen ladan 1 sèlman fè travay ki san danje anrapò ak plon ki baze sou preparasyon, netwayaj ak tès yo pou gen asirans netwayaj yo te byen fèt.

Pou travay reparasyon, renovasyon oswa pentire (RRP), ki gen ladan 1 tout travay ki ka modifye plis pase 2 pye kare penti nan yon pyès oswa ki mande pou retire fenèt, anvan travo yo kòmanse, pwopriyetè a dwe konfime:

- Konpayi a se yon konpayi Renovasyon EPA sètifye, epi kenbe yon kopi nan sètifikasyon li a nan dosye ou yo.
- Moun k ap fè travay yo se yon Renovatè EPA sètifye, epi kenbe yon kopi nan sètifikasyon li a nan dosye ou yo.

Sitwèb EPA a gen enfòmasyon sou pwogram [Renovasyon, Reparasyon ak Pentire \(RRP\)](#). Sou paj wèb sa a, ou kapab chèche tou konpayi EPA sètifye.

Mete sou sa, sitwèb EPA a bay enfòmasyon sou [Elimine Penti ki Abaz Plon](#) ansanm ak konsèy sou diferans ant [RRP ak Elimine](#).

## 8. Ki lòt dokiman m ka genyen pou montre m te fè travay ki san danje anrapò ak plon yo?

Selon Atik 14 nan Kòd pou Antretyen Lojman nan Vil New York (NYC Housing Maintenance Code), Pwopriyetè yo gen obligasyon pou yo kenbe dosye ki gen rapò ak penti ki abaz plon pandan 10 zan pou pi piti. Tout travay ki vyole prensip yo oswa ki pa vyole yo kapab soumèt yon demann dosye nan HPD apre publikasyon Lòd Komisè a bay pou Elimine a (Commissioner's Order to Abate, COTA) nan DOHMH oswa kòm pati nan verifikasiyon anrapò ak prevansyon selon [Lwa Lokal 70 nan 2019 yo](#). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou verifikasiyon anrapò ak prevansyon sa a nan dokiman enfòmasyon janvye 2021 an oswa si ou konsilte yon modèl [Ödonans sou Biblikasyon Dokiman](#).

Kèk nan dokiman yo mande yo kapab gen ladan prèv ki montre yo te suiv prensip sou fè travay ki san danje anrapò ak plon, si yo te modifye travay reparasyon, renovasyon ak penti yo plis pase 2 pye kare penti oswa 10% nan yon pati nan yon pyès yon apatman kote gen yon timoun ki gen mwens pase 6 (sis) zan abite. Si sa te rive, pwopriyetè a dwe bay HPD:

- Sètifica EPA pou konpayi a;
- Sètifica EPA pou moun ki t ap fè travay la;
- Yon deklarasyon ki montre konpayi EPA sètifye a te sèmante travay yo te fèt selon egzijans ki vin annapre yo §27-2056.11 nan Atik 14 nan Kòd pou Antretyen Lojman yo montre dat travay yo ak dat yo fini, ep li gen ladan adrès ak kowòdone konpayi ki te fè travay yo;
- Yon deskripsyon ak espas kote yo te fè travay yo nan chak pyès oswa fakti travay yo;
- Rezulta tès yo te fè nan yon laboratwa endependan Eta New York la sètifye pou elimine pousyè ki gen plon ki ka kontamine moun;
- Yon deklarasyon ki montre moun EPA sètifye ki pran echantyon pousyè a te sèmante pou konfime adrès ak dat prelèvman an ansanm ak yon kopi sètifica EPA ki pou moun nan; epi
- Lis kontwòl ki ranpli lè/si rezidan an te bay otorizasyon pou antre nan espas travay la pou yon ti tan.

Selon Lwa Lokal 1 an, gen lòt egzijans toujou ki egziste petèt anrapò ak kalite konpayi yo te itilize a ansanm ak dokiman ki nesesè si travay yo te mande pou modifye penti a nan plis pase 100 pye kare nan yon chanm, si travay yo te mande pou retire 2 oswa plis fenèt ki pentire, oswa si travay yo te fèt nan lide pou bay yon repons ak yon vyolasyon.

## 9. Kikote mwen ka jwenn plis konsèy bò lakay mwen?

Pwopriyetè yo kapab jwenn konsèy sou fè travay ki san danje anrapò ak plon yo nan lokalite yo a.

- [Gid HPD sou Pratik travay anrapò ak Lwa Lokal 1 nan 2004](#)
- [Enstriksyon DOHMH bay pwopriyetè yo, pou yo konfòme yo ak lòd Komisè a bay pou Elimine risk ki gen rapò ak penti plon \(DOHMH Landlord Instructions for Complying with Commissioner's Order to Remediate Lead Paint Hazards\)](#)

- [Kòd sante nan Vil New York Seksyon 173.14 \(NYC Health Code Section 173.14\) Prensip anrapò ak sekirite pou elimine ak repare penti ki gen baz plon, ansanm ak travay pou modifye penti ki gen baz plon yo](#)
- [Enfòmasyon DOHMH bay pou Pwopriyetè Bilding yo](#)

Mete sou sa, [LeadFreeNYC](#) se yon gwo pwen pou kòmanse ak tout kesyon sou lwa ak règleman lokal yo konsènan plon an ansanm ak penti ki gen baz plon an. Vil la toujou mete enfòmasyon sou sit entènèt la, konsa li ka oryante piblik la byen fasil sou sitwèb chak ajans yo an patikilye. HPD ap fè mizajou nan konsèy yo ak nan lòt fòm yo pou ede pwopriyetè yo rete enfòme epi an règ. Rete branche!